



MEMORANDÒM

DAT: []

POU : HIGH SCHOOL ART TEACHERS

SOTI NAN BIWO : Karen Rosner

Kowòdonatè Arts Vizyèl, (Biwo Arts ak Pwojè Espesyal, Office of Arts and Special Projects)

SIJÈ: Opòtinite pou Bousdetid nan Art pou Elèv 12^{yèm} ane
Scholarship Opportunity
Bousdetid Fondasyon Dedalus

Graduating High School Senior Art

Yo envite tout elèv 12yèm ane k ap gradye pou aplike pou yon bousdetid nan Fondasyon Dedalus pou ekselans atistik.

Yo mete regleman ak dat pou soumèt li a. Tanpri li kondisyon yo
avèk atansyon **Sonje dat limit la se []**.

Si ou genyen nenpòt kesyon tanpri imèl Karen Rosner nan krosner@schools.nyc.gov
oswa telefone 917.521.3716. Nou atann paticipasyon elèv yo.

Pou Fine Arts (Boza) gade NÒT ENPÒTAN nan paj 2 sou Regleman pou Aplikasyon Fine Arts

C : Paul King

Bousdetid Fondasyon Dedalus

PWOGRAM LA

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk administre bousdetid Dedalus Foundation yo. Fondasyon an pral bay plis pase **7 bousdetid fine arts ki koute \$2,000 chak** pou elèv 12^{yèm} ane ki gen entansyon etidyé fine arts oswa istwa art nan yon kolèj rekoni (ki gen lisans), inivèsite, oswa lekòl art. Yo dwe itilize lajan bousdetid lan pou depans lekòl la.

Dedalus Foundation ke atis Robert Motherwell te fonde an ankouraje tout moun pou konprann art modèn ak modènis nan fasilité ak sipòte elèv fè rechèch sou edikasyon, piblikasyon, ekspozisyon, ak koleksyon mize nan domèn lan. Fondasyon an genyen pwogram sibvansyon aktif kote yo sipòte anpil pwogram mize ak edikasyon. Li bay rekonpans pou twa kalite bous anyèl endividiyèl: bousdetid pou disètasyon pou doktora nan istwa art, bousdetid siperyè nan istwa art ak kritik, epi bousdetid pou metriz nan fine arts nan penti ak eskilti.

Robert Motherwell, yon pòtpawòl premye plan pami atis ki nan domèn (Ekspresyonis Abstrè ,Abstract Expressionist), te gen anpil enkyetid sou wòl edikasyon jwe nan arts. Apati ane 1940 yo, li fè diskou toupatou nan lekòl ak mize yo. An 1944, li te fonde (Dokiman Art Modèn, *Documents of Modern Art*), yon seri liv ki te fè piblikasyon non familye nan epòk la sou premye gran modènis yo (ak kritik ki sipòte yo) disponib pou yon odyans ki pale angle. Pandan anpil tan, Motherwell te anseye nan Hunter College epi li te enplike aktivman tout lavi li nan plizyè aspè edikasyon art.

Bousdetid pou Fine Arts nan Foundation Dedalus

Regleman pou Aplikasyon

Delè:

Yo dwe delivre pòtfolyo yo lè Madi 9 avril ant 3:30 ak 5:30 (Gade paj 2 pou detay.)

Elijiblité:

Sèlman elèv 12yèm ane lekòl segondè leta nan vil Nouyòk k ap pare pou Kolèj

Medya:

2-D medya; fotograf dwe reprezante 3-D èv (minimòm 5" x 7")

Mezi:

Travay la dwe chita nan yon solid pòtfolyo ki pa pi laj pase 40"x32"

Nimewo antre yo:

Yon pòtfolyo pa elèv. (Gade kondisyon aplikasyon yo pou detay)

Kondisyon pou Aplikasyon: Aplikan yo dwe soumèt pyès sa yo:

1. Yon pòtfolyo omwen 6 men pa plis pase 10 èv orijinal art idantifye nan do avèk non elèv la ak lekòl la.
Plis pase (4) èv kapab se fotograf **3-D Travay**.
SONJE: Yo envite elèv yo mete ladan liv komik yo.
2. Yon deklarasyon ke elèv tape ki gen anviwon 200 mo pou dekri aspirasyon ak plan karyè/edikasyon alavni.
3. Yon lèt rekòmandasyon ke Sipèvizè pwofesè Art la ba ou.
4. Yon Fòm Aplikasyon ranpli (Dokiman Siplemantè A)
6. FÒM OTORIZASYON BIWO ARTS AK PWOJÈ ESPESYAL. (DOKIMAN SIPLEMANTÈ C)

Etikèt : Itilize etikèt yo bay yo (Dokiman Siplemantè B).

1. Chak pòtfolyo **dwe** genyen yon Etikèt Pòtfolyo ranpli ki plase sou do l anlè nan kwen dwat pòtfolyo. Tyeke bwat pou **bousdetid Dedalus Foundation** la.
2. Tout èv art nan pòtfolyo a **dwe** genyen yon etikèt èv art ki atache solidman sou do anwo adwat la.

Plase fòm aplikasyon yo, disètasyon an, lèt rekòmandasyon yo ak fòm otorizasyon an nan yon anvò epi plase anvòp la nan art pòtfolyo an.

Kritè Jijman an

Jiri an genyen pwofesè art, sipèvizè art ak reprezantan ki soti nan mize ak lekòl art pwofesyonèl yo. Jijman pandan dènye ane yo ranfòse defi konvansyon yo, chanjman ak reentèpretasyon ide konsènan art, ak enèji pasyèl nan pwodiksyon art. Li dwe klè yon eksplorasyon apwofondi teknik, mwayen, ansanm avèk sijè an.

Kòman pou bay pòtfolyo:

Dat: 04/21/2020
Lè: 3:30 PM - 5:30 PM
Adrès: Museum of Modern Art
Cullman Education Building
4 West 54th Street (between 5th and 6th Avenues)
New York, New York 10019

Etikèt :

Gade dokiman siplemantè B

Pri (Rekonpans):

Genyen (7) sèt pri \$2000 ke yo ap prezante nan seremoni rekompans la nan mwa me nan Dedalus Foundation nan Manhattan. Y ap voye detay pou elèv yo anvan evènman an. Yo ka sèlman itilize lajan an pou fè depans kolèj. Elèv yo dwe ranpli aplikasyon pou lekòl pwofesyonèl oswa pou kolèj yo planifye pou ale .

Anonse moun ki genyen an:

ENPÒTAN: Yo pral anonse pwofesè pòtfolyo Dedalus yo moun ki genyen an nan apremidi jou 10 avril la. (*Gade bwat pi ba a*)

Travay y ap Ramase :

Y ap ramase pòtfolyo pou lòt aplikan Dedalus ak **tout** aplikan Rothko:

04/24/2020
1:00 PM – 5:00 PM
Estidyo nan Lekòl
410 West 59th Street (off of Columbus Avenue)
New York, New York 10019

Yo pa ka pran responsabilite pou travay ki rete apre 04/24/2020 a 5:00PM.

Yo pral anonse pwofesè pòtfolyo Dedalus yo moun ki genyen an nan apremidi jou 04/22/2020. Elèv sa yo PA ka repran pòtfolyo nan estidyo nan yon Lekòl; yo ap voye pòtfolyo ki genyen yo dirèkteman nan Dedalus Foundation lè yo kite MoMA.

Yo pral òganize travay yo epi y ap fè yon resepsyon pou atis yo an me. Yo ap envite elèv ki genyen yo, paran yo akpwofesè yo nan evènman an. *Yo ap remèt elèv yo tout travay yo.*

BOUSDETID DEDALUS FOUNDATION 2020

Fòm aplikasyon Fine Arts

Tanpri ranpli **tout** enfòmasyon yo mande. Mete ladan:
Fòm sa a ansanm avèk lòt materyèl yo mande
Yon anvlòp jon avèk pòtfolyo.

Non elèv la _____

Adrès kay:

Borough Kòd postal

Telefòn lakay :

Lekòl elèv la ye kounye a

Lekòl Segondè

Borough Kòd postal

Telefòn lekòl la

Pwofesè Art

Asistan Direktè Art

Direktè

Kolèj/lekòl pwofesyonèl elèv la chwazi pou ale
Yo dwe mete li

Aplikasyon yo **dwe** genyen **tout** bagay sa yo.

Lis Kontwòl pou elèv
Tanpri mete yon tyèk nan bwat la

Mwen soumèt pyès sa yo:

- Omwen 6 (*men pa plis pase 10*) pyès orijinal art avèk etikèt apwopriye grave/kole nan do chak.
- Yon deklarasyon anviwon 200 mo tape ki dekri plan karyè ak aspirasyon m alavni.
- Yon lèt rekòmandasyon pou founiti eskolè ke pwofesè art la bay.
- FÒM OTORIZASYON BIWO ARTS AK PWOJÈ ESPESYAL.
- Yon anvlòp jon ki genyen fòm aplikasyon an deklarasyon. lèt rekòmandasyon, fòm otorizasyon pou yo plase **tout nan pòtfolyo**.
- Mwen konfime **orijinalite** travay la ke mwen soumèt .

Siyati aplikan / Dat

Apwouve pa:

Siyati Direktè / Dat

Siyati Paran/Responsab/Dat

Yo DWE delivre Pòtfolyo jou 04/21/2020 ant 3:30PM - 5:30PM nan:
Museum of Modern Art
Cullman Education Building
4 West 54th Street
New York, New York 10019

Portfolio and Artwork Labels

Firmly affix this label to the outside of portfolio, top right.

PORTFOLIO	
<i>Check appropriate box(es)</i> <input type="checkbox"/> Dedalus Foundation Scholarship	
Student Name _____	Phone _____
Address _____	City/State _____ Zip _____
School _____	Phone _____
Address _____	City/State _____ Zip _____
Indicate number of Drawings _____ Photographs _____ Paintings _____ Other _____	
Total <input type="text"/>	

Firmly affix a label to back of all artwork, top right.

<table border="0" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td colspan="2" style="font-size: 2em; vertical-align: middle; padding-bottom: 10px;">ARTWORK</td> </tr> <tr> <td style="width: 50%;">Title _____</td> <td style="width: 50%;">Medium _____</td> </tr> <tr> <td>Student Name _____</td> <td>Student Name _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> <tr> <td>School _____</td> <td>School _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> </table>	ARTWORK		Title _____	Medium _____	Student Name _____	Student Name _____	Phone _____	Phone _____	School _____	School _____	Phone _____	Phone _____	<table border="0" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td colspan="2" style="font-size: 2em; vertical-align: middle; padding-bottom: 10px;">ARTWORK</td> </tr> <tr> <td style="width: 50%;">Title _____</td> <td style="width: 50%;">Medium _____</td> </tr> <tr> <td>Student Name _____</td> <td>Student Name _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> <tr> <td>School _____</td> <td>School _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> </table>	ARTWORK		Title _____	Medium _____	Student Name _____	Student Name _____	Phone _____	Phone _____	School _____	School _____	Phone _____	Phone _____
ARTWORK																									
Title _____	Medium _____																								
Student Name _____	Student Name _____																								
Phone _____	Phone _____																								
School _____	School _____																								
Phone _____	Phone _____																								
ARTWORK																									
Title _____	Medium _____																								
Student Name _____	Student Name _____																								
Phone _____	Phone _____																								
School _____	School _____																								
Phone _____	Phone _____																								
<table border="0" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td colspan="2" style="font-size: 2em; vertical-align: middle; padding-bottom: 10px;">ARTWORK</td> </tr> <tr> <td style="width: 50%;">Title _____</td> <td style="width: 50%;">Medium _____</td> </tr> <tr> <td>Student Name _____</td> <td>Student Name _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> <tr> <td>School _____</td> <td>School _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> </table>	ARTWORK		Title _____	Medium _____	Student Name _____	Student Name _____	Phone _____	Phone _____	School _____	School _____	Phone _____	Phone _____	<table border="0" style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td colspan="2" style="font-size: 2em; vertical-align: middle; padding-bottom: 10px;">ARTWORK</td> </tr> <tr> <td style="width: 50%;">Title _____</td> <td style="width: 50%;">Medium _____</td> </tr> <tr> <td>Student Name _____</td> <td>Student Name _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> <tr> <td>School _____</td> <td>School _____</td> </tr> <tr> <td>Phone _____</td> <td>Phone _____</td> </tr> </table>	ARTWORK		Title _____	Medium _____	Student Name _____	Student Name _____	Phone _____	Phone _____	School _____	School _____	Phone _____	Phone _____
ARTWORK																									
Title _____	Medium _____																								
Student Name _____	Student Name _____																								
Phone _____	Phone _____																								
School _____	School _____																								
Phone _____	Phone _____																								
ARTWORK																									
Title _____	Medium _____																								
Student Name _____	Student Name _____																								
Phone _____	Phone _____																								
School _____	School _____																								
Phone _____	Phone _____																								



(DOKIMAN SIPLEMANTÈ C)

FÒM OTORIZASYON

Konsantman pou fè foto oswa video elèv ak travay art elèv fè ke Biwo Art ak Pwojè Espesyal itilize nan sitwèb oswa piblikasyon Depatman Edikasyon, oswa Fondasyon Dedalus ki pa la pou fè pwofi.

Non elèv la:	Klas:	Distri:	Borough:
Lekòl:	Adrès lekòl:		
Non Bousdetid la/Evènman/Ekspozisyon:	Tyeke yonn: <input type="checkbox"/> Pòtfolyo Art <input type="checkbox"/> Disètasyon Istwa Art		

Mwen bay pèmisyon pou yo montre foto m, video m, travay art mwen, ak/oswa disètasyon istwa art mwen nan sitwèb Biwo Arts ak Pwojè Espesyal oswa nan pwodiksyon oswa piblikasyon, oswa pou Fondasyon Dedalus montre ak itilize yo nan sitwèb li oswa nan piblikasyon l oswa pwodiksyon li. Mwen bay tou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Fondasyon Dedalus dwa pou yo korije, itilize ak reitilize pwodui sa yo san objektif pou fè pwofi. Mwen otorize tou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)*, ak moun ki reprezante l yo ak anplwaye l yo, ak Fondasyon Dedalus tout kalite reklamasyon, demann, responsabilite ki gen pou wè ak tout sa nou ekri pi wo a.

Siyati elèv la

Dat

Konsantman Paran/Responsab

Pou yo ranpli pati sa a si elèv la poko gen laj 18 ane.

Non Paran/Resonsab (*Tanpri Enprime*) Adrès Paran/Responab

Mwen dakò pou m patisipe nan entèvyou, itilizasyon sitasyon, ak pran foto oswa fè video elèv pi wo a ak travay art oswa disètasyon istwa art ke Depatman Edikasyon Vil Nouyòk - ap itilize nan sitwèb Biwo Arts ak Pwojè Espesyal oswa piblikasyon oswa pwodiksyon. Depatman Edikasyon, oswa Fondasyon Dedalus ka montre oswa itilize nan sitwèb li oswa nan piblikasyon oswa pwodiksyon. Mwen bay tou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk ak Fondasyon Dedalus dwa pou yo korije, itilize ak reitilize pwodui sa yo san objektif pou fè pwofi. Mwen otorize tou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education (NYCDOE)*, ak moun ki reprezante l yo ak anplwaye l yo, ak Fondasyon Dedalus tout kalite reklamasyon, demann, responsabilite ki gen pou wè ak tout sa nou ekri pi wo a.

(Siyati Paran/Responsab)

(Dat)